

Zvandingaita Kuti Ndipore Kana Ndarambana Nemumwe Munhu

Kunyatsofunga zvakaikita uye kunyora pasi kuti unozviona sei zvinogona kukubatsira chaizvo kuti uenderere mberi neupenyu.

CHIKAMU

1

NEI MAKARAMBANA?

Kana usiriwe wakaramba mumwe . . .

Wakaudzwa here nemumwe wako kuti nei akakuramba?

 EHE AIWA

Kana wati ehe, nyora chikonzero chacho pasinei nekuti chaiva nemusoro here kana kuti kwete.

Kana wati aiwa, nyora chaunofungidzira kuti ndicho chakaita kuti urambwe.

Ndezvipi zvimwe zvaunofunga kuti ndizvo zvakakonzera?

Pane here zvaunofunga kuti kudai wakaita maisazombosvika pakurambana?

 EHE AIWA

Kana wati ehe, unofunga kuti ungadai wakaita sei?



Kana uriwe wakaramba mumwe . . .

Chikonzero chipi chawakaudza mukomana kana kuti musikana wako chekumuramba?

Wakamuramba sei?

Wakaenda kwaari ukanomuudza

Wakamufonera

Wakamutumira meseji

Kana kuti:

Pane here imwe nzira yaunofunga kuti ndiyo yaiva nani yekumuramba nayo?

EHE

AIWA

Kana wati ehe, nyora pasi apa kuti ndeipi nzira yacho.

Mukomana wako kana kuti musikana wako akatiwo chii nezvenyaya yacho?

Unofunga kuti pane here imwe nzira iri nani yaungadai wakamuudza nayo? Kana iripo, ndeipi?

Kudanana nemunhu uyu kwakakudzidzisei nezveunhu hwako?

Nyora kuti kurambana uku kwakakubatsira sei kuona paunofanira kugadzirisa pakunamata kwako kana kuti pamafungiro ako:

Chii chawava kuziva nezvevakomana kana kuti vasikana kubva pakudanana kwamakaita?

Kana kuri kuti wazodanana nemumwe munhu, pane here zvaunofunga kuti unofanira kuchinja pamaitiro ako?

“Zvinondishamisa kuti *pandinofunga* nezvekudanana kwandaiita nemumwe wangu, ndinongoyeuka nguva dzataifara tese. Asi kunyora nezvemanzwiro andinoita kwakandibatsira kuona kuti kurambana kwatakaita chaitova chinhu *chakanaka*.”

—Janet.





Ndiani waungataura naye paunenge uchinyanya kushungurudzika?

Ungaita sei kuti urambe uchiratidzika uye uine utano hwakanaka panguva iyi yakaoma?



Ndezvipi zvaunoda kuita kuti ugare wakabatikana?

Ndezvipi zvaunganyengerera kuna Jehovha kuti akubatsire panguva yaunenge uchitsungirira?



“Kunyora nezvekudanana kwatakaita kwakandirapa! Kwakandibatsira kuti ndinyatsoona kuti kudanana kwedu kwainge kwakanyatsoita sei, pane kungofunga zvimwe zvinhu zvaingoitika pano neapo.”—Steven.